

## Lis kontwòl pou Kalifye pou DACA!

Viktwa! DACA RETOUNEN! Apre yon jij nan New York deklare ke DACA retabli, nou ankouraje ou pou anvizaje aplike pou premye fwa si ou kalifye!

Ou se yon jèn imigran ki pa gen papye (oswa ou pa yon jèn ankò) epi ou tande DACA toujou jan li te ye a ak DHS aksepte pou premye fwa aplikasyon yo ankò men ou pa konnen si ou kalifye pou resevwa pwoteksyon sa a. Nou kapab ede ou konnen!

Men dabò, si ou jwenn ou kalifye oswa ou pa kalifye, ou sipoze kanmenm konsilte yon avoka ou fè konfyans oswa yon reprezantan legal lè ou deside a si pou aplike ak pou revize aplikasyon ou a. Lis kontwòl sa a sèlman sipoze tankou yon gid men ki pa reprezante dènye mo final sou kalifikasyon ou a antan yon aplikan.

### Men yon lis kontwòl:

Ou <b><u>kapab</u></b> kalifye pou DACA si ou tcheke tout kalifikasyon sa yo:	Tcheke
Ou potko genyen 21 lane avan dat ki te 15 jen 2012.	
Ou genyen omwen 15 lane nan peryòd ou voye demann ou an? <i>*Eksepsyon nan kondisyon laj la. Si ou genyen mwens ke 15 lane men ou nan yon pwosedi pou retire ou, gen yon lòd pou retire ou nèt, oswa ou genyen yon lòd depa volontè, ak ou pa nan detansyon imigrasyon, ou kapab aplike pou DACA.</i>	
Ou rantre Etazini avan ou te genyen 15 lane.	
Ou ap viv Etazini depi avan 15 jen 2007 (pandan tout tan sa, san ou pa janm ale nan yon lòt peyi).	
Ou te toujou la nan Etazini avan dat ki te 15 jen 2015.	
Ou te toujou la nan Etazini nan lè ou te ap aplike pou DACA?	
Ou te ap viv san papye avan dat ki te 15 jen 2012 la (ou pa genyen estati legal)	
Ou se: - Ou lekòl kounye; oswa - Gradye nan yon lekòl piblik oswa prive; oswa lekòl Segondè; oswa - Genyen yon GED; oswa - Yon veteran ki libere ak fyète nan Gad Kotyè oswa Fòs Lame Etazini yo?	

<p>Ou pa te janm, swa pandan ou granmoun oswa ou te yon minè pou te genyen yon kontak enpòtan ak fòs lòd yo, ale nan prizon, te ale nan tribinal, resevwa yon kontravansyon oswa pwosè vèbal, te nan pale ak lapolis, oswa te gen pwoblèm ak lajistis?</p>	
<p>Ou pa te janm nan gang, oswa ou te akize pa fòs lòd yo paske ou te nan asosyasyon gang.</p>	
<p>Ou pa te janm akize paske ou te enplike nan aktivite ki menase Etazini? (tankou teworis oswa espyonaj)</p>	

**Ou pral genyen pou pwouve tout repons kesyon sa a yo. Ou dwe konsilte yon avoka pou ede ou jwenn opsyon ki ap pi bon pou ou yo, men la kèk egzanp (lis sa a pa konplè men li vize sèlman pou li gide ou):**

Pou pwouve idantite ak laj ou (ki gen ladan li prèv ou genyen mwens ke 31 lane) bay dokiman sa yo:

- Orijinal papyè batistè ou (avèk tradiksyon batistè a si li pa na lang Anglè), OSWA
- Kopi batistè ou (si papyè orijinal batistè a pa disponib). OSWA
- Kopi paspò pou ki pa ekspire, OSWA
- Kopi paspò ou ki ekspire (men ki dwe akonpaye ak yon lòt fòm papyè idantifikasyon), OSWA
- Kopi kat idantifikasyon konsilè ki pa ekspire, OSWA
- Kopi kat idantifikasyon konsilè ki ekspire, OSWA
- Kopi kat idantifikasyon lekòl ki pa ekspire, OSWA
- Kopi kat idantifikasyon lekòl ki ekspire, OSWA
- Kopi foto idantite, dokiman yo ki bay pa DHS, OSWA
- Nenpòt lòt foto idantite ofisyèl

Pou pwouve ke (1) ou te rive Etazini avan ou te genyen 16 lane, (2) ou te ap viv pandan 13 lane (15 jen 2007 - jiska jodi a), ak (3) prèv ou te la nan dat ki te 15/06/2012; bay dokiman sa yo:

- Kopi dosye lekòl ou fini yo (ekstrè nòt lekòl ou yo t ap itil), OSWA
- Kopi dosye medikal ou yo (ki genyen ladan li dosye vaksinasyon), OSWA
- Kopi dosye finansyè yo (ki genyen ladan li ekstrè kont bankè/chèk yo, lwaye, itilite oswa bòdwo kat kredi yo), OSWA
- Kopi dosye travay ou yo (ki genyen ladan li deklarasyon fiskal ou yo), OSWA
- Kopi dosye militè ou yo, OSWA
- Kopi lòt dosye yo (dosye telefòn yo, espò oswa dosye klèb akademik yo, dosye sendika yo, dosye legliz yo, dosye: batèm, kominyon, konfimasyon, OSWA
- Kopi dokiman sèvis kominotè, OSWA
- Yon deklarasyon sou sèman\*\*
  - \*\*Dwe bay lot prèv sipò

**Pou pwouve ke ou lekòl aktyèlman OSWA nan yon pwogram GED, OSWA ou fini lekòl segondè, OSWA yon sètifika ke ou fini lekòl segondè, OSWA ou genyen yon GED, OSWA ki libere ak fyète nan sèvis militè; bay dokiman sa yo:**

- Kopi diplòm lekòl segondè, oswa sètifika ke ou fini li, OSWA
- Kopi sètifika GED, OSWA
- Kopi prèv ou enskri pou yon pwogram GED oswa lòt pwogram edikasyonèl, OSWA kopi kat rapò yo, OSWA
- Kopi nòt lekòl ou yo (Li pa nesèsè pou bay kopi nòt yo kachte, depi yo ofisyèl), OSWA
- Kopi dosye Militè

Dokiman anplis ki ap kapab ede: Si ou genyen yon pase nan zafè imigrasyon bay dokiman sa yo:

- Kopi dokiman ou te rantre legal yo (viza, I-94, kat pasaj sou fwontyè), OSWA
- Kopi aplikasyon imigrasyon ki depoze nan DHS, OSWA
- Kopi dokiman pwosedi ki retire nan DHS ak tribinal imigrasyon

Si ou te kite Etazini nan dat 15/06/2007 bay dokiman sa yo:

- Kopi dokiman ou te vwayaje yo, AK
- Dokiman ki jistifye oswa ki eksplike absans ou yo

Tèks DACAISBACK nan 877-877